

Pran Prekosyon pou Pwoteje Tèt ou ak Lòt yo kont COVID-19 la

Izole w an sekirite nan yon Chanm Otèl Prive ki Gratis.

Si yo dyagnostike ke w gen COVID-19 oswa ou te an kontak ak yon moun ki teste pozitif, ou kapab kalifye pou yon chanm otèl pou jiska 10 jou pou izole w an sekirite ak pwoteje lòt yo.

Otèl Pran Swen yo san danje, konfòtab ak pratik. Tout sèvis yo gratis. Nou akeyi timoun tou.

Si w chwazi pou w izole w nan pwogram Pran Swen Nan yon Otèl la, sa pa pral afekte okenn lòt avantaj w ap resewva yo. Otèl ki nan pwogram Pran Swen yo pa pral afekte kapasite w pou aplike pou yon grinkat. Anplis, yo P AP konsidere tretman medikal oswa sèvis swen sante prevantif ki gen rapò ak COVID-19 pou aplikasyon chaj piblik la.

Sèvis sa yo bay GRATIS nan Otèl ki nan Pwogram Pran Swen yo:

- Transpò ale-retou soti nan otèl la pou rive nan nenpòt randevou medikal ki nesèsè yo
- Chanm ak douch prive
- Tès COVID-19 sou plas
- Wi-Fi ak kab televizyon gratis
- Apèl telefonik lokal san limit pou w rete konekte
- Manje maten, manje midi, ak manje aswè chak jou*
- Sèvis entèprèt
- Livrezon medikaman
- Sèvis swen sante sou plas ki bay pa doktè ak enfimyè ki kalifye
- Telesikyatri pou jwenn aksè ak eskpè founisè swen sante mantal yo



Rezève chanm ou an jodia.
Rele nan 212-COVID-19
(212-268-4319)
oswa al gade nan testandtrace.nyc

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Community
Care

Test & Trace
Corps